# आकाशवाणी, गोरखपुर

## दिनांक–03 जनवरी 2025 भोजपुरी समाचार

मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ आजु गोरखपुर के पहिला मिनी स्पोर्टस कॉम्पलेक्स क लोकार्पण कइले। येह मौका पर आयोजित कार्यक्रम के संबोधित करत उहां के कहली कि प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी के अगुवाई में पछिला दस बरिस में देस में एगो नया खेल संस्कृति विकसित भइल हउवे। प्रदेस सरकारों खेलाड़ियन अउर खेल गतिविधियन के लगतारे प्रोत्साहित कइ रहलि हउवे।

***ग्रामीण लीग की प्रतियोगिताएं जो ग्रामीण क्षेत्र में ग्राम सभा से लेकर के विधानसभा स्तर पर फिर जनपद स्तर पर तक के प्रतियोगिताओं को प्रोत्साहित करने के लिए हर उम्र हर लिंग से जुड़े हुए लोगों के लिए उपलब्ध करवाने की व्यवस्था दे रही है' युवक मंगल दल और महिला मंगल दल के माध्यम से गांव गांव में खेलकूद की गतिविधियों को आगे बढ़ाने के लिए भी सरकार प्रयास कर रही है***

येहसे पहिले मुख्यमंत्री गोरखपुर के राप्ती नदी के किनारे स्थित तकिया घाट के जल सोधन कार्य क निरीक्षण कइलें। येह मौका पर उहां के कहलीं कि हर मनई के साफ पानी क आपूर्ति कइले के उद्देस्य से सहरी क्षेत्र में अमृत मिशन अउर ग्रामीण क्षेत्र में जल जीवन मिशन सुरू कइल गइल हवे।

***प्रधानमंत्री नरेंद्र मोदी की प्रेरणा से स्वच्छ भारत मिशन पूरे देश के अंदर लागू हुआ। हर व्यक्ति को शुद्ध पेयजल की आपूर्ति करनी है इसके लिए भी शहरी क्षेत्र में अमृत मिशन और ग्रामीण क्षेत्र में जल जीवन मिशन प्रारंभ हुआ। हर घर नल के माध्यम से घर–घर तक शुद्ध पेयजल ~~मय~~ जल उपलब्ध करवाने के कार्यक्रम प्रारंभ हुई।***

**********

प्रदेस क नगर विकास मंत्री सुरेश खन्ना आजु वाराणसी के सर्किट हाउस में बइठकी कइ के जिला में चलि रहल विकास योजना क समीक्षा कइलें। बइठकी में बोलत उहां के कहलीं कि सज्जो योजना के गुणवत्ता के साथे समय से पूरा कइल जाय। एहमें कउनों तरह क लापरवाही बरदास्त नाहीं कइल जाई। उहां के कहलीं कि प्रयागराज के महाकुंभ में ढेरि संख्या में सरधालु अइहें अउर ओहमें बहुत से सरधालु दरसन–पूजन बदे बनारसो पहुंचिहें। एकरे नाते बनारस में पर्यटकन के सुविधा के देखत उचित इंतिजाम कइले क जरूरति बाटे। पुलिस विभाग के अधिकारियन से उहां के कहलीं कि ऊ सरधालुअन अउर पर्यटकन के साथे मित्रता क ब्यौहार करत ओनहन लोगिन के हर समेस्या क जुरते समाधान कइले क कोसिस करें। बइठकी में प्रदेस सरकार क आयूष मंत्री दयाशंकर मिश्र दयालुओ मौजूद रहलें।

**********

किसानन के खेती से जुड़ल कइ तरह के योजना क फायदा दियावे बदे सरकार फार्मर आईडी बनवले पर जोर दे रहलि हउवे। नया सालि में कृषि योजना क फायदा लेवे बदे फार्मर आईडी जरूरी होई। फार्मर आईडी क सबसे बड़हन लाभ ई होई कि एकरे बनि गइले के बाद किसानन के बेरि–बेरि केवाइसी करवले क जरूरति नाहीं परी। अब पीएम किसान सम्मान निधि, फसल बीमा अउर कृषि के अउरियो सरकारी योजना क फायदा फार्मर आईडी के आधारे पर दीहल जाई।

**********

अजोध्या में भगवान रामलला के प्राण प्रतिस्ठा के सालिगिरह पर इग्यारह से तेरह जनौरी ले राम मंदिर में दरसन बदे वीआईपी अउर वीवीआईपी पास नाहीं बनी। श्रीराम जनमभूमि तीर्थ क्षेत्र ट्रस्ट क महासचिव चंपत राय बतवलें कि प्राण प्रतिस्ठा के सालिगिरह पर आयोजित होखे वाले प्रतिस्ठा द्वादसी समारोह क सुभारम्भ मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ इग्यारह जनौरी के करिहें। तीनि दिन के येह आयोजन में धारमिक अनुस्ठान के साथे सांस्कृतिक कार्यक्रमों होई।

**********

राष्ट्रीय जांच एजेंसी एनआईए क लखनऊ स्थित विसेस अदालति कासगंज में बरसि दुइ हजार अट्ठारह में गणतंत्र दिवस के दिन्ने तिरंगा यात्रा के दौरान भइल चंदन गुप्ता हत्याकांड में अट्ठाइस दोसियन के उमिर कैद क सजा सुनवले हवे। येह मामिला में विसेस अदालत येह सज्जों अट्ठाइस लोगिन के दोसी करार दिहले रहे।

**********

प्रदेस के करीब सज्जो जिलन में सितलहरी सुरू हो गइल बाटे। पहाड़न पर हो रहल बरफबारी से सज्जो जिलन के अधिकतम अउर न्यूनतम तापमान में गिरावट दरज कइल गइल हवे। प्रदेस के पूरबी जिलन में सितलहरी अउर कुहेसा क परकोप बढ़ले से जन–जीवन परभावित होखे लागल बाटे। मौसम विभाग के मोताबिक फिलहाल कुहेसा परले क सिलसिला जारी रही अउर तापमान गिरले से कड़ेर ठंडी पड़त रही। ओहर गोरखपुर क जिलाधिकारी ठंडी के नाते दरजा एक से आठ तक क सज्जो विद्यालयन के छौ जनौरी ले बन्द रखले क निरदेस दिहले हवें।

**********